



Fè Valiz Ou

Gid Asirans Vwayaj Ou

Lè ou ap planifye yon vwayaj, ou kapab konsantre ou sou ekipman ak aktivite ou kote ou prale a, men avan ou fè valiz ou epi avan ou pati, ou vle asire ou prè pou ou fè fas a tout pwoblèm ou pa t atann ou t ap jwenn nan vwayaj la.

Asirans vwayaj pwoteje investisman finansye ou nan vwayaj ou a epi li kapab evite w fè depans anplis lè w ap vwayaje akòz:

- baggaj ki pèdi
- anilasyon nan dènye minit
- ijans medikal

Asirans vwayaj kapab ofri èd pou ou jwenn resous tou tankou sèvis medikal, entèprèt ak sèvis ranplasman paspò.

TWA (3) GRAN TIP ASIRANS VWAYAJ



Asirans pou Anilasyon Vwayaj – ofri pwoteksyon pou frè vwayaj ou peye alavans epi ki pa ranbousab. Sikonsmans pwoteksyon varye selon kontra a, kidonk asire ou konprann konsiy anilasyon kontra a avan ou achte li.



Asirans Sante pou Vwayaj – ofri pwoteksyon pou aksidan ak ijans medikal ak sèvis dantè pandan vwayaj ou a. Pwoteksyon sa a nesèsè lè destinasyon vwayaj ou a oswa destinasyon vwayaj ou yo pa nan zòn pwoteksyon asirans sante primè ou a.



Asirans pou Evakyasyon Medikal – ofri pwoteksyon pou frè evakyasyon ann ijans tankou evakyasyon ayeryen ak vòl ki ekipe medikalman pou retounen lakay oswa transpò pou ale nan yon etablisman medikal ki ap bay swen apwopriye.

Asirans pou Anilasyon Vwayaj



Asirans Sante pou Vwayaj



Asirans pou Evakyasyon Medikal



	Asirans pou Anilasyon Vwayaj	Asirans Sante pou Vwayaj	Asirans pou Evakyasyon Medikal
Lè pou pran li	Vwayaj Nasyonal ak Entènasyonal	Vwayaj nasyonal oswa entènasyonal ki pa nan zòn pwoteksyon asirans sante primè ou a	Vwayaj nan yon kote ki elwanye oswa yon kote ki pa gen swen medikal ki apwopriye
Sa li pwoteje	Investisman finansye nan vwayaj: biyè avyon, kwazyè, tren, elatriye.	Sèvis medikal ijan ak/ oswa sèvis medikal woutin pandan vwayaj	Frè evakyasyon ijan tankou vòl retou ki ekipe medikalman oswa transpò pou ale nan yon lopital ki apwopriye
Konsiderasyon konsènan Pwoteksyon	Èske sikonstans anilasyon ki jwi pwoteksyon yo koresponn a bezwen ou? Pa egzanp: anilasyon akòz maladi, anilasyon akòz mòtalite, anilasyon nan dènye minit pou nenpòt ki rezon.	Èske kontra a ofri pwoteksyon nan rejyon kote ou pral vwayaje a? Èske kontra a peye lopital la oswa etablisman an dirèkteman oswa èske se yon ranbousman?	Ki kondisyon ak restriksyon pwoteksyon an? Asire ou pwoteksyon an ase pou ofri pwoteksyon pou transpò ann ijans, ki kapab koute plis pase \$100,000 san pwoteksyon.
Verifye tout ti detay	Detèmine si pwoteksyon an pwoteje ou kont anilasyon nan ka epidemi kote ou prevwa vwayaje a epi detèmine ki restriksyon posib li genyen.	Verifye sa ki pa antre nan kontra a konsènan pwoblèm sante ou te genyen deja oswa aktivite vwayaj patikilye, tankou plonje soumaren oswa dèltaplàn.	Asire ou kontra a prevwa yon sant asistans medikal ki louvri 24 sou 24 pou asire ou gen pwoteksyon nenpòt lè pandan vwayaj ou a.
Posibilite pou Pwoteksyon Monte youn sou Lòt	Èske kontra a gen yon tip pwoteksyon medikal oswa sanitè nan kad vwayaj?	Èske kontra a ofri pwoteksyon pou evakyasyon medikal si kote ou pral vwayaje a pa gen enstalasyon medikal?	Yo kapab ofri kèk sèvis transpò nan kad yon asirans sante pou vwayaj.



Avan ou achte asirans vwayaj, evalye bezwen pèsònèl ou konsènan pwoteksyon ak sikonstans patikilye kote ou prale a oswa kote ou prale a yo pou ou detèmine tip ak kantite pwoteksyon ki nesèsè.

➤ Èske gen opsyon asirans vwayaj kat kredi ou a oswa pwogram afilyasyon (òganizasyon vwayaj, depo an gwo, elatriye) ofri ki bay pwoteksyon pou anilasyon vwayaj oswa sante vwayaj ofri?

➤ Ki pwoteksyon asirans sante primè ou a ofri nan kad vwayaj an deyò eta a ak aletranje? Èske gen restriksyon sou pwoblèm sante oswa sou sèvis medikal aktyèl ou dwe konnen lè w rive kote ou prale a?

➤ Ki distans swen medikal ann ijans ak swen medikal woutin yo kote ou prale a epi ki disponibilite yo? Èske asirans sante primè ou a ofri evakyasyon medikal pandan vwayaj la oswa kote ou prale a?

Rejim Sipleman tè

Li posib pou yo ajoute rejim anplis nan yon kontra asirans vwayaj, tankou pwoteksyon pou bagaj ki pèdi, asirans pou machin lokasyon ak reta vwayaj ki kapab debouche sou depans enprevi tankou sejou nan otèl ak repa. Lè w ap achte asirans vwayaj, fè rechèch sou rejim anplis pwofesyonèl la ofri epi konpare yo ak bezwen patikilye ou genyen.

ASIRE OU VERIFYE SI YO DEJA OFRI YON PWOTEKSYON KÈLKONK LÈ OU ACHE BIYÈ OSWA APATI KONPAYI KAT KREDI OU A.

Kèk konpayi vwayaj ajoute pwoteksyon pou anilasyon debaz lè ou achte biyè. Anplis, konpayi kat kredi ajoute pwoteksyon pou anilasyon oswa pwoteksyon pou vwayaj anplis ki ap evite ou achte asirans vwayaj anplis. Egzamine tout opsyon pwoteksyon nan chak kontra asirans epi ak konpayi vwayaj ou a oswa kat kredi ou a pou ou asire ou pa gen pwoteksyon ki monte youn sou lòt oswa ou pa kite vid nan pwoteksyon ou bezwen.

Fason pou Ou Achte Asirans Vwayaj

Ou kapab jwenn asirans vwayaj plizyè fason. Avan ou achte asirans, ou dwe deside sou nivo pwoteksyon ou bezwen epi chache konnen si opsyon yo deja antre nan vwayaj ou a lè w ap achte biyè ak ekipman.



KONPAYI KAT KREDI

Kèk konpayi kat kredi ofri yon nivo pwoteksyon pou vwayaj lè ou itilize kat yo a pou ou achte atik. Konsilte konpayi kat kredi ou a pou ou konnen si asirans pou anilasyon vwayaj la oswa asirans machin lokasyon an jwi pwoteksyon otomatikman. Jeneralman, asirans vwayaj konpayi kat kredi ofri gen yon montan fiks ki pa pèsonalizab. Asire ou egzamine tout opsyon pwoteksyon otomatik yo ba ou pou ou asire ou pa peye pou yon pwoteksyon anplis ou te genyen deja.



SIT AJANS VWAYAJ AK REZÈVASYON VWAYAJ

Yo souvan ofri opsyon asirans vwayaj lè w ap fè rezèvasyon pou vòl, otèl ak machin lokasyon apati ajans vwayaj ak anliy sou sit rezèvasyon vwayaj. Jeneralman, pwoteksyon apati sous sa yo pa koute chè, men yo pa toujou pèsonalizab. Asire ou egzamine tout opsyon pwoteksyon pou ou sèten kontra a reponn a bezwen ou.



KONPAYI ASIRANS VWAYAJ

Konpayi asirans vwayaj ofri kontra ou kapab achte dirèkteman nan men yo, souvan sou sitwèb yo a. Jeneralman, metòd sa a pou ou jwenn yon asirans vwayaj ofri pwoteksyon pèsonalizab, sa ki itil si ou ap vwayaje yon kote lòt kontra pa pwoteje oswa si ou gen bezwen presi konsènan pwoteksyon medikal.

Pri Asirans Vwayaj



Jeneralman, yon rejim asirans konplè koute anviwon **4% a 8% pri yon vwayaj**, selon Asosyasyon Asirans Vwayaj Ameriken (U.S. Travel Insurance Association) an.

Pri egzat la ap varye selon konpayi asirans lan, selon pwomosyon aktyèl ak faktè sa yo:

- **Dire ak pri vwayaj la**

Jeneralman, tank vwayaj la long epi li chè, se tank pri kontra a wo.

- **Pri swen sante lokal**

Swen sante ki koute chè kote ou prale a kapab fè pri asirans vwayaj la monte.

- **Pwoblèm medikal**

Pwoteksyon pou pwoblèm medikal ou te gen deja kapab ogmante pri asirans vwayaj la.

- **Kantite pwoteksyon**

Jeneralman, tank pwoteksyon an konplè se tank kontra a pwoteje ou kont risk, se tank li koute chè.

- **Laj ou**

Jeneralman, tank ou aje, se tank pri a wo.



VWAYAJ KAPAB ENPREVIZIB, MEN LÈ OU EGZAMINE OPSYON ASIRANS OU YO EPI LÈ OU DETÈMINE BEZWEN PRESI OU GENYEN KONSÈNAN PWOTEKSYON SA KAPAB BA OU SEKIRITE ANPLIS.

Konsève tout Dokiman konsènan Frè Vwayaj

Asire ou byen dokimante tout frè vwayaj ou yo epi ou konsève tout resi, fakti ak konfimasyon. Si pou yon rezon kèlkonk vwayaj ou a anile, ou ap bezwen resi ak fakti detaye konsènan tout depans. Dokiman ki nesèsè pou ranbousman frè vwayaj kapab se:

- Resi ak fakti detaye
- Konfimasyon vwayaj ak/oswa kontra tout antite (ajans vwayaj, otèl, lokasyon machin, operatè vwayaj, elatriye)
- Eksplikasyon konsènan rezon anilasyon vwayaj la oswa rezon ki fè vwayaj la entèwonp
- Si vwayaj la lye ak pwoblèm medikal, eksplikasyon konsènan restriksyon medikal ak prèv vizit oswa pèman doktè
- Biyè original yo pa itilize
- Kopi tout ranbousman ou resewa nan men antite vwayaj

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

  @YourFLVoice

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES
Tasha Carter